# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ DEMOGRAFIYALÍQ JAĞDAYÍ

*(2021-jıl yanvar-mart ayları ushın, dáslepki mağlıwmatlar)*

Qaraqalpaqstan Respublikasınıń turaqlı xalıq sanı 2021-jıl 1- aprel jağdayına **1927,5** mıń adamdı qurap, 2021-jıl basınan **3,8** mıń adamğa yáki **0,2** % ke kóbeydi. Sonnan, qalalıq jerlerdegi xalıq sanı **944,5** mıń adamdı (jámi xalıq sanındağı úlesi **49,0** %), awıllıq jerlerdegi xalıq sanı **983,0** mıń adam (**51,0** %)dı quradı.



Qalalıq jerlerde
**944,5** mıń adam



Turaqlı xalıq sanı
**1 927,5** mıń adam



Awıllıq jerlerde
**983,0** mıń adam

**Qala hám awıl xalqınıń jámi xalıq sanındağı úlesi, % te**




**Erkekler hám hayallar sanınıń jámi xalıq sanındağı úlesi, % te**



## Turaqlı xalıq sanınıń rayon (qala) lar boyınsha bólistiriliwi

*(1-aprel jaǵdayına, mıń adam)*



**Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha tiykarǵı demografiyalıq kórsetkishler**
*(yanvar-mart ayları ushın, mıń adam)*

| | 2020- jıl | 2021- jıl |
|---|---|---|
| **Turaqlı xalıq sanı** | **1903,9** | **1 927,5** |
| Tuwılǵanlar | 8,3 | 8,0 |
| Qaytıs bolǵanlar | 1,9 | 2,1 |
| Xalıqtıń tábiyǵıy ósimi | 6,4 | 5,9 |
| Kóship kelgenler | 2,5 | 4,8 |
| Kóship ketkenler | 3,3 | 6,8 |
| Migratsiya saldosı | -0,8 | -2,0 |
| Dúzilgen nekeler, birlik | 3678 | 4243 |
| Nekeden ajırasıwlar, birlik | 354 | 317 |
| ***1000 xalıqqa salıstırǵanda koeffitsiyentler, promille*** | | |
| tuwılıw | 17,5 | 16,8 |
| ólim | 4,0 | 4,4 |
| xalıqtıń tábiyǵıy ósimi | 13,5 | 12,4 |
| dúzilgen nekeler, birlik | 7,8 | 8,9 |
| nekeden ajırasıwlar, birlik | 0,7 | 0,7 |

**Tuwılıw.** 2021-jıldıń yanvar-mart aylarında **8,0** mıń bala tuwılǵan bolıp, (*bul jerde hám bunnan keyin tiri tuwılǵanlar inabatqa alınadı*), sáykes túrde 1000 xalıqqa salıstırǵanda tuwılıw koeffitsiyenti **16,8** promilleni quradı hámde 2020-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 0,7 promillege kemeygenligi gúzetildi (2020-jıldıń yanvar-mart aylarında 17,5 promille bolǵan).

*Maǵlıwmat ushın: tiri tuwılǵanlıq kriteriyalarınan (dem alıw, júrektiń soǵıwı, kindik pulsatsiyası, muskullerdiń qısqarıwı) biri bar bolsa bala tiri tuwılǵan esaplanadı. Bunda ananıń hámiledarlıq múddeti 22 hápte hám odan artıq, balanıń boyı 25 sm hám odan artıq, awırlıǵı 500 gramm hám odan artıq bolıwı kerek.*

**Qala (rayon)lar kesiminde tuwılǵanlar sanı hám koeffitsiyenti**

*(2021-jıl yanvar-mart)*



**Qaytıs bolǵanlar.** 2021-jıldıń yanvar-mart aylarında **2,1** mıń ólim dizimge alınǵan bolıp, sáykes túrde 1000 xalıqqa salıstırǵanda ólim koeffitsiyenti **4,4** promilleni quradı hámde 2020-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda **0,4** promillege óskenligi (2020- jıldıń yanvar-mart aylarında 4,0 promille bolǵan) gúzetildi.




**Tiykarǵı ólim sebepleri boyınsha qaytıs bolǵanlardıń bólistiriliwi**

*(2021-jıl yanvar-mart jaǵdayına, jámi qaytıs bolǵanlarǵa salıstırǵanda, %)*



2021-jıldıń yanvar-mart aylarında gúzetilgen qaytıs bolǵanlardıń 58,9 %i qan aylanıw sisteması keselliklerinen, 11,5 %i ósimtelerden, 7,8 %i baxıtsız hádiyse, záhárleniw hám jaraxatlanıwlardan, 3,8 %i awqat sińiriw aǵzaları keselliklerinen, 4,4 %i dem alıw aǵzaları keselliklerinen, 1,2 %i juqpalı hám parazitli keselliklerden hámde 12,4 %i basqa keselliklerden qaytıs bolǵan.

Dizimge alınǵan 1 jasqa shekemgi qaytıs bolǵan balalar sanı 0,1 mıńdı qurap, olardıń 64,0 %i - perinatal dáwirde júzege keletuǵın jaǵdaylardan, 11,0 %i dem alıw aǵzaları keselliklerinen, 14,0 %i tuwma anomaliyalardan, 3,0 %i - baxıtsız hádiyse, 4,0 %i juqpalı hám parazitli keselliklerden hám 4,0 %i -basqa keselliklerden qaytıs bolǵan.

**Tábiyǵıy ósim.** 2021-jıldıń yanvar-mart aylarında xalıqtıń tábiyǵıy ósim **5,9** mıń adamdı qurap, 2020-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda **0,5** mıń adamǵa (*2020- jıldıń yanvar-mart aylarında* ***6,4****mıń adam bolǵan*) kemeygen.

**Tábiyǵıy ósim — 5,9 mıń adam**



## Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha nekeler sanı

*(yanvar-mart ayları ushın, mıń birlik)*






## Rayonlar kesiminde neke dúzgenlik koeffitsiyenti

*(2021-jıl yanvar-mart ayları ushın, 1000 xalıqqa salıstırǵanda)*




Rayonlar boyınsha 2021-jıldıń yanvar-mart aylarında eń joqarı neke dúziw koeffitsiyenti (promille) **Nókis qalasında** (10,0), **Kegeyli** (12,5), **Nókis rayonında** (11,0) hám **Qońırat** (10,1) rayonlarında gúzetildi.

Rayonlar boyınsha 2021-jıldıń yanvar-mart aylarında eń kem neke dúziw koeffitsiyenti (promille) **Beruniy** (7,7), **Taqıyatas** (6,7)**, Shomanay** (6,6) hám **Moynaq** (6,1) rayonlarında gúzetildi.




## Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha nekeden ajırasqanlar

**sanı haqqında mağlıwmat**

*(yanvar-mart ayları ushın, birlik)*






**Rayonlar kesiminde nekeden ajırasıw koeffitsiyenti**

*(2021- jıl yanvar-mart ayları ushın, 1000 xalıqqa salıstırǵanda)*




Rayonlar boyınsha 2021-jıldıń yanvar-mart aylarında eń joqarı nekeden ajırasıw koeffitsiyenti (promille) **Kegeyli** (0,9), **Qońırat** (0,9), **Xojeli** (0,9) hám **Nókis** (0,9) rayonlarında gúzetildi.

Rayonlar boyınsha 2021-jıldıń yanvar-mart aylarında eń kem nekeden ajırasıw koeffitsiyenti (promille) **Beruniy** (0,5), **Qanlıkól** (0,5), **Taqıyatas** (0,3) hám **Bozataw** (0,2) rayonlarında gúzetildi.



**Migratsiya.** 2021-jıl yanvar-mart aylarında respublika boyınsha kóship kelgenler sanı 4751 adamdı quradı.

2021-jıl yanvar-mart aylarında respublika boyınsha kóship ketkenler sanı 6833 adamdı quradı.

**Migratsiya saldosı.** 2021-jıl yanvar-mart aylarında migratsitya saldosı minus 2082 adam bolıp, 2020- jıldıń sáykes dáwirinde minus 799 adam bolǵan.



**Xalıq migratsiyasi (adam)**

| | 2020 jıl yanvar-mart | 2021 jıl yanvar-mart |
|---|---|---|
| Kóship kelgenler | 2500 | 4751 |
| Kóship ketkenler | 3299 | 6833 |
| Migratsiya saldosı | -799 | -2082 |



**Rayon (qala)lar kesiminde kóship kelgenler hám kóship ketkenler sanı**
*(2021-jıl yanvar-mart ayları ushın, adam)*

| | Kóship kelgenler sanı | Kóship ketkenler sanı | Migratsiya saldosı |
|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **4 751** | **6 833** | **-2 082** |
| Nókis qalası | 1 385 | 1 108 | 277 |
| *rayonlar:* | | | |
| Ámiwdárya | 121 | 340 | -219 |
| Beruniy | 94 | 201 | -107 |
| Bozataw | 533 | 307 | 226 |
| Qaraózek | 69 | 294 | -225 |
| Kegeyli | 716 | 502 | 214 |
| Qońırat | 129 | 373 | -244 |
| Qanlıkól | 125 | 192 | -67 |
| Moynaq | 129 | 67 | 62 |
| Nókis | 246 | 315 | -69 |
| Taqıyatas | 197 | 296 | -99 |
| Taxtakópir | 58 | 178 | -120 |
| Tórtkúl | 184 | 246 | -62 |
| Xojeli | 316 | 535 | -219 |
| Shımbay | 165 | 1 356 | -1 191 |
| Shomanay | 110 | 228 | -118 |
| Ellikqala | 174 | 295 | -121 |



## Paytaxttaǵı demografiyalıq jaǵday



Qaraqalpaqstan Respublikası paytaxtı Nókis qalasınıń turaqlı xalqınıń sanı 2021- jıl 1- aprel jaǵdayına **325,1** mıń adamdı qurap, 2021- jıl basınan **1,3** mıń adamǵa yáki **0,4** % ke ósken.

2021-jıldıń yanvar-mart aylarında Nókis qalasında **1346** bala tuwılǵan bolıp, sáykes túrde tuwılıw koeffitsienti 1000 xalıqqa salıstırǵanda **16,8** promilleni quradı hám 2020-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda **1,0** promillege (2020-jıldıń sáykes dáwirinde **17,8** promille bolǵan) kemeygen.



## Nókis qalasında dúzilgen nekeler hám nekeden ajırasıwlar



**Neke.** PXAJ organlarında 2021-jıldıń yanvar-mart aylarında **797** neke dizimge alındı.

1000 xalıqqa salıstırǵanda neke dúziw koeffitsienti **10,0** promilleni qurap, 2020-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda **3,4** promillege kóbeydi (2020-jıldıń sáykes dáwirinde **6,6** promille bolǵan).

**Nekeden ajırasıwlar.**

PXAJ organlarında 2021-jıldıń yanvar-mart aylarında **56** nekeden ajırasıwlar dizimge alındı 1000 xalıqqa salıstırǵanda **0,7** promilleni qurap, 2020-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda **0,3** promillege kemeydi. 2020-jıldıń sáykes dáwirinde **1,0** promille bolǵan.




**Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarmasınıń Demografiya hám miynet statistikası bólimi**
**Tel: (61) 224-92-17 (61) 222-76-57**